

NAMA :

NO. ABSEN :



Pasinaon 3

Mahami Pangerten Paribasan, Bebasan lan Saloka

A. Paribasan

Paribasan yaiku, Unen-unen kang gumathok (ora bisa diowahi, ajeg penganggone, tegese wantah, ora ngemu surasa pepindhan.

Tuladha:

1. Keplok ora tombok
Tegese, melu seneng-seneng, nanging ora melu urun wragad.
2. Tulung menthung
Tegese, katone nulung, nanging sejatine ngapusi.

3. Criwis cawis
Tegese, sugih omong, nanging uga mrantasi.
4. Kuncung nganthi gelung
Tegese, wiwit cilik nganti tekan dewasa
5. Ana catur mungkur
Tegese, ora gelem ngrungokake rerasan sing ora becik.
6. Busuk ketekuk, pinter keblinger
Tegese, sing bodho lan sing pinter padha nemu cilaka.
7. Nyolong pethek
Tegese, ora padha karo pangirane.
8. Garing-garing anggare garang.
Tegese, senjata mlarat nanging aja nganti ngisin-isini.
9. Ora tedheng, aling-aling
Tegese, omong blak-blakan apa anane
10. Benceng cuweng
Tegese, wong kang mikir rong prekara utawa luwih
11. Sapa salah seleh
Tegese, wong kang tumindak luput bakal konangan.
12. Becik ketitik, ala ketara
Tegese, kabeh pegawean kang becik, lan kang ala bakal katon dhewe.



B. Bebasan

Bebasan iku unen-unen kang ajeg penganggone, ngemusurasa pepindhan. Sing dipindhake pakarti (sipat) utawa kahanane uwong.

Tuladha:

1. Mburu kidang lumayu
Tegese, mburu barang kang ora karuwan prenahe.
2. Timun mungsuh duren
Tegese, wing cilik (ringkih), mungsuhan karo wong gedhe.
3. Kajugrugan gunung menyan
Tegese, oleh beja (rejeke) gedhe
4. Ngempukake watu item.
Tegese, ngremehake prekara (masalah)
5. Nabok nyilih tangan
Tegese, nindakake pegawean ala sarana kongkonan
Tegese, gawe rusuh ing papan sing tentrem
7. Ancik-ancik pucuking eri.
Tegese, nyambut gawe tansah kuwatir yen luput
8. Ati bengkong oleh oncong
Tegese, duwe sedya ala oleh dalan.
9. Singidan nemu macan
Tegese, karepe singidan (ndhelik) jebul malah ketemu uwong sing diwedeni
10. Mburu uceng kelangan deleg
Tegese, ngoyak barang sepele, kelangan barang luwih aji

C. Saloka

Saloka iku unen-unen kang ajeg penganggone, ngemu surasa pepindhan. Pepindhan mau tumrap uwong, kahanan utawa pakartine.

Tuladha:

1. Kebo bule mati setra.
Tegese, wong pinter ora ana sing nganggakake
2. Ula marani gepuk
Tegese, wong kang njarak kacilakan
3. Kebo kabotan sungu
Tegese, wong kang uripe rekasa, jalaran kakehan tanggungan
4. Bebek mungsuh mliwis
Tegese, wong pinter mungsuh wong pinter, nanging sing siji kalah ubet.
5. Kemladhean ngajak sempal
Tegese, kanca kang ngajak marang kesusahan
6. Gong lumaku tinabuh
Tegese, wong sing nawak-nawakake elmune.
7. Cocak nguntal elo
Tegese, uwong kang duwe kare kang mokal kelakone.
8. Asu arebut balung
Tegese, uwong rebutan barang kang ora aji
9. Tekek mati ing ulone
Tegese, wong oleh kacilakan merga saka omongane dhewe
10. Kebo nusu gudel.
Tegese, uwong tuwa njaluk wuruk (warah) marang wong enom.



SD Negeri 4 Sepanjang



Gladhen 1

A. Gathukna paribasan, bebasan lan saloka ing ngisor iki karo wangsulan kang cumawis, kanthi nulis aksara sangarepe wangsulan sing bener ing bunderan.

No	Paribasan	Wangsulan
1.	Kebo nusu gudel	a. prakara cilik dadi prakara gedhe
2.	Kakehan gludhug kurang udan	b. wong tuwa njaluk warah wong enom
3.	Anak polah, bapa kepradhah	c. kabeh penggawean becik lan ala bakal katon dhewe
4.	Kriwikan dadi grojogan	d. wong tuwa nemoni reribed saka polahe anak
5.	Becik ketitik ala ketara	e. akeh omongane, nanging ora ana nyatane

No	Bebasan	Wangsulan
1.	Nabok nyilih tangan	a. ngremehake prekara
2.	Ngubak-ubak banyu bening	b. ngoyak barang sepele, kelangan barang kang luwih aji
3.	Kejugrungan gunung menyan	c. tumindak ala sarana kongkonan
4.	Ngempukake watu item	d. gawe rusuhing papan sing tentrem
5.	Mburu uceng kelangan dheleg	e. oleh rejeki gedhe

No	Saloka	Wangsulan
1.	Kebo bule mati setra	a. wong kang njarag marang kacilakan
2.	Ula marani gepuk	b. wong apik matine ora kopen
3.	Jamur tuwuh ing sela	c. wong becik dianggep ala
4.	Kuntul diunekake dhandhang	d. wong kang nganggo sarwa aji (apik) liwat dalan kang mbebayani
5.	Kutuk nggendhong kemiri	e. wong kang uripe memelas

